

## **Konsènan pwojè a**

Ekip Ann pare pou klima nan Boston (Climate Ready Boston) lanse yon pwosesis planifikasyon pou rezistans ak chalè nan tout vil la pou prepare vil Boston pou enpak chanjman klimatik la, espesifikman sou sa ki konsène ogmantasyon chalè ekstrèm (tanperati pandan ete ki pi cho/imid pase mwayèn la) epi ris pou chalè (enpak negatif sou lasante ki gen rapò ak ekspozisyon nan chalè a). Pwosesis sa a pral gen ladan l estrateji sou tout vil la, avèk yon fokus sou senk katye nan vil la: Roxbury, Dorchester, Mattapan, Chinatown, ak Ès Boston. Atravè pwosesis sa a nou espere travay ansanm ak kominote yo pou devlope solisyon ki ap ede moun nan vil la, enfraskrikti, ak resous natirèl yo pwospere fas ak chanjman klimatik. Vizite sitwèb Vil la pou aprann plis konsènan fason n ap prepare nou pou chalè ekstrèm la.

## **Objektif Komite Konsiltatif Kominotè (Community Advisory Boards, CAB)**

**Pou pwosesis planifikasyon sa a, vil la ap chèche kandidati pou Komite Konsiltatif Kominotè (Community Advisory Board, CAB) ki pral ede nan planifikasyon pou rezistans ak chalè atravè vil la.** Manm Komite Konsiltatif Kominotè (CAB) yo pral patnè kle nan mete sou pye yon pwosesis planifikasyon ak konsepsyon enklizif. An kolaborasyon avèk Manm Komite Konsiltatif Kominotè (CAB) nou espere kreye yon plan ki reprezante valè ak objektif kominote a ap sipòte epi ki kapab mete sou pye pou redui ris chalè nan tou katye yo.

Pou Komite Konsiltatif Kominotè (CAB), nou ap chèche patisipasyon aktif manm kominote a ki montre varyete nan orijin yo, enterè, eksperyans yo viv, ak konpetans nou jwenn nan Boston. Nou akeyi **tout** aplikasyon yo. **Nou ap ankouraje espesyalman aplikasyon moun ki poko patisipe nan pwosesis planifikasyon yo anvan, men nou di byenvini ak moun ki te patisipe oswa ki ap patisipe aktyèlman nan gwoup konsiltatif pou lòt plan Vil la.** Tanpri remake nou gen yon kantite plas ki limite nan Komite Konsiltatif Kominotè a, kidonk n ap optimize divèsite ak reprezantasyon enklizif.

## **Angajman nou pou Komite Konsiltatif Kominotè (CAB)**

Kòm fasilitatè nan pwosesis planifikasyon ak reyinyon nan Komite Konsiltatif Kominotè (CAB), nou angaje nou pou kreye yon espas sekirite ak enklizif pou reprezantan ki sòti nan Vil la kontribiye nan pwosesis sa a. Atravè Komite Konsiltatif Kominotè (CAB) nou ap chèche kolaborasyon ak patenarya ki vre epi nou angaje nou pou kenbe yon kominikasyon ki klè ak transparan. Ekip planifikasyon ak konsepsyon an angaje l pou tandè kòmantè manm Komite Konsiltatif Kominotè (CAB) la bay lè l ap monte pwosesis planifikasyon ak estrateji konsepsyon ak planifikasyon ki gen ladan l dènye plan an.

## **Objektif Komite Konsiltatif Kominotè (CAB)**

- Komite Konsiltatif Kominotè a (CAB) pral kolabore avèk ekip nan pwojè a. Kèk objektif nan angajman manm komite konsiltatif kominotè (CAB) gen ladan l, men li pa limite ak:

- Bay yon pèspektiv ki baze sou eksperyans moun viv ak konesans pèsonèl ki gen rapò ak enpak sosyal, ekonomik, ak kiltirèl chanjman klimatik la.
- Asire priyorite kominote yo parèt pandan tout pwosesis planifikasyon ak konsepsyon an pandan n ap ede kreye yon pwosesis angajman efikas ak enklizif epi idantifye obstak nan kòmantè piblik yo.
- Ede devlope epi kenbe transparans nan pwosesis planifikasyon an nan kominote ki laj la.
- Ede onore travay ki pase yo ak tan moun yo investi pandan n ap siyale diplikasyon efò nan plan anvan yo ak sa ki ap fèt yo epi fè remake kòmantè ki sòti nan plan anvan yo ki kapab enfòme nouvo pwojè sa a.
- Enfòme epi ede amelyore pwosesis planifikasyon an nan objektif pou reprezante divès pèspektiv sou tout kominote nan vil Boston.
- Transfere konesans nou jwenn nan pwosesis planifikasyon an pi lwen pase dokiman plan an pou sipòte reyalizasyon objektif nan kominote a pandan yo pral mete yo sou pye pi devan.

## **Wòl ak Responsabilite**

- Patisipasyon nan de jounen pòt louvri
- Patisipasyon nan senk reyinyon Konsèy Konsiltatif kominotè
- Idantifye pwen kontak “anbasadè kominotè a” epi pataje yo avèk tout Komite Konsiltatif Kominotè (CAB) . Pwen kontak sa yo pral ede nou pwolonje opòtinite pou angajman apre reyinyon epi pòt louvri Komite Konsiltati Kominotè a (CAB).
- Pataje resous ki egziste yo avèk lòt manm nan kominote a

## **Angajman nan tan ak dire sèvis yo**

- Manm Komite Konsiltatif Kominotè a(CAB) ap resevwa konpansasyon lajan.
- Komite Konsiltati Kominotè (CAB) a ap kòmanse nan kòmansman prentan epi ap kontinye pandan Otòn 2021
- Ap gen senk reyinyon (anviwon 2 èdtan chak). Lè ak dat reyinyon an ap detèmine selon disponibilite manm yo.
- Angajman nan tan: 20-30 èdtan. Sa a pral gen ladan l reyinyon ak lòt pwojè epi aktivite yo.